Qabul qilindi: 06.01.2025 Chop etildi: 28.02.2025 UDK: 509.3/1 (575.7)

# MA'NAVIY VA MODDIY MOTIVATSIYANING INSONGA TA'SIRI

*Ernazarov Nurlanbek Esnazarovich, O'zbekiston davlat san'at va madaniyat instituti Nukus filiali assistent o'qituvchisi*



# ВЛИЯНИЕ ПСИХИЧЕСКОЙ И МАТЕРИАЛЬНОЙ МОТИВАЦИИ НА ЧЕЛОВЕКА

*Ерназаров Нурланбек Есназарович, ассистент-преподаватель Нукусского филиала Узбекского государственного института искусства и культуры*

# THE INFLUENCE OF MENTAL AND MATERIAL MOTIVATION ON A PERSON

*Yernazarov Nurlanbek Yesnazarovich, Assistant Lecturer at the Nukus Branch of the Uzbek State Institute of Arts and Culture*

***https://orcid.org/ 0009-0004-4889-2279***
***e-mail: nurlanbekernazarov5@gmail.com***

***Annotasiya:*** *Bul maqolada ruhiy va materiallik motivatsiyaning insonga ta'siri haqida so'z boradi. Shaxsga kasbiy motivatsiyanig ta'siri, insonlarning kasb egallashidagi tashqi faktorlar, personallarga ish muhitining ta'sirlarini o'rgangan g'arb psixologlarning ilmiy tadqiqot ishlarin tahlil qilamiz.*

***Kalit so'zlar:*** *ruhiy va moddiy motivatsiya, shaxsga kasbiy motivatsiyaning ta'siri, kasb egallashdagi tashqi faktorlar, muhitning ta'sirlari, liderning xodimlarga ta'siri, kollektiv faoliyat, individual faoliyat.*

***Abstract:*** *This article examines the impact of mental and material motivation on a person. We analyze the research works of Western psychologists who study the influence of professional motivation on personality, external factors in people's professional activities, and the influence of the working environment on staff.*

***Keywords:*** *mental and material motivation, the influence of professional motivation on personality, external factors in mastering a profession, the influence of the environment, the influence of a leader on employees, collective activity, individual activity.*

***Аннотация:*** *В этой статье рассматривается влияние психической и материальной мотивации на человека. Анализируем научно-исследовательские работы западных психологов, изучающих влияние профессиональной мотивации на личность, внешние факторы в профессиональной деятельности людей, влияние рабочей среды на персонал.*

***Ключевые слова:*** *психическая и материальная мотивация, влияние профессиональной мотивации на личность, внешние факторы в овладении профессией, влияние среды, влияние лидера на сотрудников, коллективная деятельность, индивидуальная деятельность.*

**KIRISH (ВВЕДЕНИЕ / INTRODUCTION).** Jumısqa bolǵan motivaciya - bul insannıń jumısına bolǵan ishki qatnası. Jumısshınıń jumıs ornında xoshametleniwi yamasa unamsız waqıyalar esaplanadı[3]. Jumıs ornındaǵı motivaciyalar materiallıq hám ruwxiy motivaciyalar bolıp ekige bólinedi. Bul motivaciyalardıń qaysı biri insanǵa kúshli tásir etetuǵınlıǵı házirgi waqıtqa shekem básekide. Sebebi, jumısshınıń iskerligine tek ózi tásir etpey, jumıs atqarıp atırǵan mámleketiniń ekonomikası, ishki siyasatı hám mámleketlik ideologiyalarda tuwrdan tuwrı tásir etedi. Normal jumısshınıń huquqları demokratiyalıq principlerge tiykarlanǵan mámlketlerde bolsa, jumısshınıń óziniń

TAMADDUN NURI

motivaciyanı qanday dárejede qabıl alıwına hám ruwxiyatına baylanıslı.

**ADABIYOTLAR TAHLILI (АНАЛИЗ ЛИТЕРАТУРЫ/ LITERATURE ANALYSIS).** Degen menen kópshilik insanlar iskerlik kórsetip atırǵanınıń tiykarǵı sebebin is haqqısı ekenligin aytadı. Shınıda da házirgi bazar ekonomikasında ayrım mútajliklerimizdi qanaatlandıratın, mashqalalarımızdı sheshiwde sheshim bola alatın "qarjı" esaplanadı. Bunday ilimiy básekiler házirgi waqıtqa shekem dawam etip, kópshilik batıs mámleketleriniń ilimpazlarınıń qıǵın ilimiy máselesine aylanbaqta. Atap aytqanda Meece, J.L.Blumenfeld, Anderman, Eric M., John Martin sıyaqlı psixologlardıń miynetleri. Ózbekstan Respublikasınan D.I. Mukumova, R.X. Fayzullaev, A.A. Jumanov, S.B. Yarovalardıń "Boshqaruv psixologiyasi" miynetinde kásiplik xızmette basshınıń hám xızmetkerlerdiń kásiplik motivaciya haqqındaǵı ilimiy miynetlerin kórsek boladı [2].

**MUHOKAMA (ОБСУЖДЕНИЕ / DISCUSSION).** Minez-qulıqqa, materillıq jaǵdayǵa, psixikalıq jaǵdayımızǵa , kognitiv, sezimiy, mádeniy hám social faktorlardan bólek shaxslar hám institutlardıń qararlarına tásirin Morgan Housel úyrenedi. Sonıń menen birge, bul qararlar klassik ekonomikalıq teoriyadan parıq etedi[8]. Mısal ushın siz jumıs ornıńızda administraciya tárepinen xoshametlendińiz hám ózińiz sırtqı tásir arqalı ruwxiy motivaciyaǵa iye bolıp nátiyjeli iskerlik kórsetip atırsız. Waqıt ótiwi menen sizdegi xoshamet motivaciyası sóniwi múmkin yamasa qátelikke jol qoyıp qoysańız administraciya tárepinen eskertiw yamasa jazalanıwıńız múmkin. Nátiyjede sizdegi ruwxiy motivaciya sónedi. Al, materillıq motivaciya arqalı siz jaqın insanlarıńızǵa sawǵa alıp quwantasız, ózińizdi xoshametleysiz, kerekli zatlarıńızdı alıp mútajliklerińizdi qanaatlandıra alasız. Bul kamfortlardıń bolıwı jumısıńızdıń nátiyjesi ekenligin sanalı ańlaysız hám kiyingi iskerligińiz ushın motivaciya ala alasız. Bıraqta, insan kásip tańlawda qáteliklerge jol qoyǵan bolsa, oǵan qánshelli materiallıq jaǵdayın jaqsılasań da óz kásibin jaqsı kóre almay, jumısınan qanıqpaydı. Áne usı sebeptiń biride materiallıq hám ruwxiy motivaciyanıń qaysısı insanǵa kúshli tásir etetuǵınlıǵı elege shekem básekide.

Motivaciyanı insannıń minez-qulqına qanday tásir etetuǵınlıǵın aldın ala boljaw múmkin. Hár bir insanǵa túrlishe tásir etkenlikten boljaw quralı retinde isletilse de, ol hár túrlı adamlarda júdá parıq etedi hám kóbinese minez-qulqlar hám jumıs atqarıwǵa tásir kórsetiw ushın qábilet hám átirap-ortalıq faktorlarında esapqa alıw kerek.

**NATIJALAR (РЕЗУЛЬТАТЫ / RESULTS).** Motivaciyanıń insanǵa tásirin úyrener ekenbiz, bul soraw boyınsha 2012-jıldaǵı izertlew jumıslarınıń nátiyjeleri boyınsha, jumıs motivaciyasın jas ózgeshelikke qaray úyrenilgen. Hár túrli jastaǵı insanlardan izertlew alıp barılǵanda, jumısshılardıń motivaciyasınıń ózgergeni anıqlanǵan. Izertlewdiń maqseti jumıshılarǵa motivaciyanıń tásir etiwi emes, jas ózgesheligine qaray tásir kúshin anıqlawda edi. Izertlew nátiyjede jası kishi jumısshılarǵa sırtqı faktorlar (átirapındaǵı shaxlardıń maqtaw, xoshametlew h.t.b) kúshli tásirt etken, jası úlken xızmetkerler jumıstıń sırtqı faktorlar tásiri kemrek, ishki faktorlar (óz iskerliginen qanıǵıw) kóbirek tásir etip motivaciyaǵa iye bolǵan[5].

Miynet motivaciyasına arnawlı bir mádeniy ayrıqshalıqlar kúshli tásir kórsetedi. Ekonomikalıq tárepten hám kollektivlik iskerlik rawajlanǵan mámleketlerde, individual iskerlikke baǵdarlanǵan mámleketlerge qaraǵanda miynetke bolǵan qızıǵıwshılıq dárejesi joqarı boladı. Jámiyette birge kollektivlik ortalıqta jumıs sapası menen insanlardıń ikserlik tájriybeside artıp baradı. Bunday orında jumıs orınlawda tájriybege iye emes, tájriybesiz kadrlar tájriybeli kadrlardan jumıs atqarıwdı úyrenip tájiriybege iye boladı.

Tájiriybege erisip, kásibiniń sheberi bolıw ushın bir kásipte uzaq múddet islew kerekligi sózsiz. Uzaq múddette jumısqa jallanatuǵın mámleketlerdiń puqaraları, qısqa múddetke jallanatuǵın mámleket puqaralarına salıstırǵanda, jumıs motivaciyası joqarı[6]. Sebebi, insan qandayda bir jumısqa kirer eken yamasa jumıs ornın ózgertirer eken, birinshi náwbette sol jumıs ornına biyimlesiw kerek, biyimlesiwi ushın da waqıt kerek, xalqımızda gáp bar "miywe terek bir orında kógerer". Bıraq, motivaciyanı tek mámlekettin ekonomikasına hám siyasatına baylanıslı dep kórsetiw qátte. Insan shaxsı, insan ruwxiyatı, insan qızıǵıwshılıǵı, talant hám qábiylet faktorlarında esapqa alıw kerek.

Jumıs ornındaǵı jumısshılardıń minez-qulqınıń, nátiyjelilikke tásir etetuǵın motivaciyasınıń rolın esapqa alǵan halda, jumıs ortalıǵının da unamlı minez-qulqlardı xoshametlew hám unamsız bolǵan

minez-qulqlardı sheklew ushın túsindiriw jumısların alıp barıw kerek[7]. Emmonstıń aytıwınsha “Jumıs ornındaǵı minez-qulıq — sáykes emeslikti kemeytiriw procesi bolıp, onda ayırım adamlar ózleriniń házirgi jaǵdayı hám kerekli standarttaǵı maqset ortasındaǵı sáykeslikke minez qulqı durıs keliw ushın háreket qıladı”. Sonlıqtan motivaciyalıq sistemalarda minez-qulqlar shólkeminiń tiykarǵı oraylıq máselesinde jaylasqan[4]. Eger liderler óz xızmetkerlerin jumıs natiyjeliligin asırıw ushın qanday úndewlerdi ámelge asırǵanıń analizlesek, motivaciya berilgen hár qanday shólkemde jumısshılar tańlaw júritedi: jumısshılar alternativler arasınan birin tańlaydı, yaǵnıy jumıs islew ushın qızıǵıwshılıq kórsetedi yamasa usınıs etilgen zattı itibarsız qaldıradi[1]. Bul jerde liderdiń jumısshılardıń psixologiyasına hám ruwxiyatına qanday dárejese tásir etkenligine qarap jumısshılar motivaciya aladı.

**XULOSA (ЗАКЛЮЧЕНИЕ / CONCLUSION ).** Joqarıdaǵı pikirge sáykes liderdiń xızmetkerlerdi háreketke keltiriwshi motivaciya ush psixologiyalıq procestti óz ishine aladı degen ulıwma pikirler ámelde bar. Bular qozǵalıw, jónelis hám intensivlik:

- Qozıw - bul háreketke úndeytin process. Insannıń házirgi waqıtta tolıq yamasa tolıq emes jetilispey atırǵan zatqa bolǵan mútajlik yamasa qálewi menen qozdıradı;
- Jónelis - bul xızmetkerlerdiń óz aldına qoyǵan maqsetlerine erisiw jolı;
- Intensivlik - bul xızmetkerlerdiń maqsetli jumıslarına sarıplaytuǵın energiya hám kúsh muǵdarı. Intensivlik dárejesi maqsettiń zárúrligi hám quramalılıǵına baylanıslı.

Joqarıdaǵı psixologiyalıq procesler tórt nátiyjege alıp keledi:

- Birinshiden, motivaciya itibardı arnawlı bir máselelerge, adamlarǵa, wazıypalarǵa hám taǵı basqa máselelerge qaratıwǵa xızmet etedi;
- Ekinshiden, ol xızmetkerdi háreket etiwin xoshametlentiredi;
- Úshinshiden, motivaciya maqsetke baǵdarlanǵan minez-qulqlardı toqtatıwǵa múmkinshilik bermeytuǵın qatańlıqtı keltirip shıǵaradı;
- Tórtinshiden, motivaciya wazıypalardı orınlaw strategiyalarına alıp keledi, bul bolsa Mitchell hám Danielstıń tariypine kóre, “maqsetke erisiwge qaratılǵan minez-qulqlar” dep atap ótken.

Juwmaqlap aytqanda materiallıq hám ruwxiy motivaciyalar shaxstıń ózligine, ónıń mútájlikler dárejesi qanshelli qanaatlandırılǵanlıǵına hám indiologiyasınada baylanıslı desek boladı. Sebebi, insan jámiyetlik subyekt bolǵanlıqtan, ómiri dawamında onıń qızıǵıwshılıqları, mútájlikler deregi ózgerip bara beredi.

## ADABIYOTLAR ROʻYXATI (ИСПОЛЬЗОВАННАЯ ЛИТЕРАТУРА / REFERENCES ):


1. Casteli,P., Castronova,F., Stavros, J. Galloway, J.(2007). Leaders and Followers: The Role of Achievement Motives and Their Effects on Motivating Strategies for Enhancing Performance, pg. 3.
2. D.I. Mukumova, R.X. Fayzullayev, A.A. Jumano v, S.B.Yarova., Boshqaruv psixologiyasi. Oʻquv qoʻllanma, b 257-66.Toshkent. 2023.
3. Декерс, Л. (2010). Мотивация: биологическая, психологическая и экологическая. (3-е изд., стр. 2–3). Бостон, Массачусетс: Пирсон.
4. Emmons 1999; Steers, Mowday & Shapiro, 2004; Schein, 1980; and Knopf, 1967.
5. Inceoglu, I., Segers, J., & Bartram, D (2012). Age-related differences in work motivation Journal of Occupational and Organizational Psychology, 85(2), 300-329.
6. Klonoski,R.(2011). Work motivation, culture, and economic development: Is work motivation shaped by its socio-economic context? International Journal of Management & Information Systems, 15(4), 91-97.
7. Mitchell, T.R.; Daniels,D. 2003. Motivation. Handbook of Psychology, Vol. 12. Industrial Organizational Psychology, ed. W.C. Borman, D.R. Ilgen, R.J. Klimoski, pp. 225–54. New York: Wiley.
8. Morgan Housel. The Psychology of Money: Timeless lessons on wealth, greed, and happiness. — Harriman House, 2020. — ISBN 978-0857197689. Архивная копия от 14 сентября 2021 на Wayback Machine.


TAMADDUN NURI